

SUPPORT OUR PRIESTS THIS CHRISTMAS

## Anons Lamès yo

### Katryèm Dimanch Lavan

**17/18 Desanm**

Chak Nwèl, tout koleksyon pawas yo benefisyé Clergy Trust (Fon Klèje). Tanpri gade bilten semèn sa a pou yon temwayaj kout nan men prèt aje, Fr. John Mulloy, pou tande pèspektiv li sou kòman Clergy Trust la (Fon Klèje) enpòtan pou sante ak byennèt prèt atravè Achidyosèz la.

### Lavèy Nwèl/Nwèl

**24/25 Desanm**

Koleksyon Nwèl nou an jodi a benefisyé Clergy Trust (Fon Klèje) ki bay pwogram ak sipò pou pran swen sante ak byennèt tout prèt aje dyosèz la ki aktif epi ki an règ. Jan ke prèt aje John Mulloy te mansyone nan temwayaj li te ekri pou bilten nou an, “depi nan òdinasyon rive nan moman ke Bondye rele nou lakay li, Clergy Trust (Fon Klèje) la pran swen nou. Jenerozite w anvè koleksyon sa a pral pèmèt Clergy Trust (Fon Klèje) la kontinye akonpli misyon l pou nou kapab kontinye akonpli misyon nou pou sèvi Kris ak oumenm.” Nan pwòp non pa mwen ansanm ak tout frè prèt mwen yo ki resevwa sipò nan men Clergy Trust (Fon Klèje), mèsi pou jenewozite w.

### **LAPRIYÈ FIDÈL YO POU KOLEKSYON LAMÈS FEN SEMÈN SÈLMAN:**

Pou tout prèt aktif aje nou yo ki an règ epi ki dedye lavi yo pou sèvi lòt moun san pran souf. Ke yo ka kontinye ranfòse kominote nou yo atravè ministè yo epi pote prezans Kris la nan tout sa ke yo rankontre.

### Lavèy Joudlan/Joudlan

**31 Desanm/1<sup>re</sup> Janvye**

Nan pwòp non pa mwen ansanm ak frè prèt mwen yo, mèsi pou sipò ou nan koleksyon espesyal Clergy Trust (Fon Klèje) a nan fen semèn pase a. Si w pa t kapab fè don semèn pase a men w ta renmen toujou kontribye, tanpri gade bilten an pou fason pou fè kado w lan.